ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№1 (24.127) ● 2021 гъэм щІышылэм (январым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэр егъэфІэкІуэным теухуа зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щыхуэныкъуэм деж цІыхухэм псом япэу зыІыхуагъаэз Іуэхущ1апІэхэм я лэжьэкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа къэрал проектым къыщыгъэлъэгъуаахэр республикэм гъэззщІэн щыщІэдзэным теухуа зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Адміністрацэм и Унафэщ1 **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуІэед**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КЪБР-м уэынщагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым узынщагъэр хъумэным хуэгъэпса и Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэзэкІыжа проекту Урысейм Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэр илъэс кІуам и кІэм арэзы зытехуаам ипкъ иткІэ, 2021 - 2025 гъэхэм къриубыдэу къэрал бюджетым къыхэкІыу республикэм къыхуатІыпщынущ сом мелард 1,8-рэ. А мыпкъор трагуэшэнущ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ: медицинэ Іуэхущ1апІощІэхэр ухуэным, жьы хъуа унэхэр зэгъэпэщыжыным - сом мелард 1,2-рэ, зыхуей-зыхуэныкъуэ ІэмэпсымэхэмкІэ Іуэхущ1апІэхэр къыщІэпэщыным - сом мелуан 519-рэ, автопаркыр къэгъащІэрэщІэжьыным - сом мелуан 63,9-рэ. Яубзыхуахэм хохьэ медицинэ Іуэхущ1апІэ 13 щыІэжьэну унэхэр ухуэным, узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм епха поликлиникэу, фельдшер-акушер пункту, амбулаторэу 35-рэ къыхэхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным, Іуэхущ1апІитІ къэгъащІэрэщІэжьыным.

2021 гъэм зыщІадзэну я мурад лэжьыгъэхэм ящыщщ Налшык къала дэт Ялп сабий поликлиникэр зэІуэзэпэщ щІыныр, абы унэщІэ къыпщІыхьыныр; къалэ поликлиникэхэм я къудамэхэр, щІыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпхърытхэм еІэзэным хуэщІа сымаджэщым и адміністративнэ унэр, Шэрэдж щІыналъэм и сымаджэщ нэхъыщІхьэм къепха поликлиникэр сытКІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыныр, Дзэлыкъуэ щІыналъэм и сымаджэщ нэхъыщІхьэм и поликлиникэр къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжыныр и кІэм нэгъэсыныр.

Ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкІуэу, ирагъэкІуэкІынущ Іуэхущ1апІэхэр техникэ и лъэныкъуэкІэ нэхъыфІу къызэгъэпэщыным хуэгъэза Іуэхуэхэри, щІыпІэ хэхахэм епха дохутырхэм я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп автомобилэхэри иригъэкІуэ лІэным пыщІахэри.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрагъэкІуэкІыну щІыкІэхэм, жэр щызэфІагъэкІыну хуэй пІалъэхэри щаубзыхуащ.

«Зэманэ диІэр мащІэщ, зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэхуэхэр убзыхуауэ иКІащІыпІэкІэ лэжьыгъэм ящІ ихьэн хуейщ. Дэтхэнэ ухуэныгъэмкІи жэуап зыхьын хуейр министерствэмрэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я дохутыр нэхъыщІхьэхэмрэ я закъуэкъым, атІэ а лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр я нэІэ щІэтыпхъэщ щІыпІэ адміністрацэхэм я Іэтащхьэмри, ахэр кІэлъыплъын хуейщ фІагъ пІагъэ яІэу, екІуу унэхэр ухуэным, абыхэм къедза щІыпІэхэр зэІуэзэпэщ щынынмэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэр щызэхуищІыжьым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэр егъэфІэкІуэным теухуа зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Шэджэм щІыналъэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зыщигъэгъуэзащ Шэджэм къалэм щащІ псэупІэ хьэблэщІэм и инфраструктурэр зэрызэрагъэпэщ щыкІэм.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР зэрекІуэкІым республикэм и Унафэщ1ым щІыгъуу епльащ Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ **Борсэ Юрий**, КЪБР-м транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министр **Дыщэкі Аслъэн**, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**.

Комплексым унэ 49-рэ хэтщ, фэтэр 770-рэ хъуу. Абы псори зэхэту псэупІэ метр зэбгъуэнатІэ мин 83-рэ къызэщІелъыдэ.

«Хъэблэщ1эм щІэгъэхуэбжьауэ зеужь икІи япэ игъэщыпхъэ къаланэхэм ящыщщ щІыхуэхэм я псэупІэхэр тыншу щытыным хуэгъэза псори зэфІэгъэкІынырэ», - къыхиГъэщхьэкуКІащ республикэм и Іэтащхьэм, лэжьыгъэхэм я гугъу щІищІым. Іуэхур зэхъэлІа министерствэхэм, муниципалитетым я лэжьакІуэхэм пщэрыльэ ящищащ щІыналъэм адэкІи зэрызрагъэужьыну щІыкІэм и планым елажьу ар утыку кърахьэну – абы къызэщІиубыдэн хуейщ псэупІэщІэхэр, зы курыт еджапІэ ухуэныр, гъэрэгухэр укъуэдиниыр, хьэблэр зэІуэзэпэщ щІынырэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Спортыр ди псэукІэм и мардэ хъун папщІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іуащ1ащ КЪБР-м спортымкІэ и министр Хьэсанэ Ислъам.

МИНИСТРЫМ республикэм и Унафэщ1ыр щыгъуазэ ищІащ спорт ІэнатІэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІахэм. «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» къэрал проектыр ягъэзащІэкІэрэ, олимп, паралимп, сурдлимп спорт лІэужьыгъуэхэм щыхуагъасэ Іуэхущ1апІэ 44-м къыхуащэхуащ спорт Іэмэпсымэхэр, ГТО-м и мардэхэр егъэтыным утыкуэр къащыхуэзэрагъэпэщащ Тэрч, Бахъсэн щІыналъэхэм. Псыгурыдз зэрылъ футбол джэгупІэ къащыщэІуахащ Май къалэм, сабийжэ спортым къыхэшэным, абыхэм я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэным тещІыхьа, Іуэху куэдым хуэщІа джэгупІэ губгъуэ 25-рэ, воркаутри хэту, щащІащ республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм. Къэщхьэтау къуажэм щызэфІэкІащ физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексыр ухуэнкІи. Ятыным хуагъэхьэзыр физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексэу Бахъсэн къалэм, Къэрэгъэш къуажэхэм щаухуахэр, Псыхъурейрэ Щхьэлыкъуэрэ щащІа спорт пэшхэр. Апхуэдэуи спортым зыщыхуагъасэу хуежьащ Прохладнэ къыщыхэІуа физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щыхуэхэр спортым дежьэхьэхьыжькІэ республикэм щыІэ хэкІыпІэхэм. Іуэгъэми республикэм къэрал бюджетым къыхэкІыу къыІэрыхьэнущ спорт Іуэхущ1апІэхэм я материально-техникэ пъабжьэхэр гъэзыбдыным трагъэкІуэдэну мыпхъу. Дызыхьхьа илъэсыщІэм Іэнатіэр зэлэжьыну Іуэху нэхъ инхэм ящыщущ иджырей пятиборьем зыщыхуагъэсэну спорт комплекс, пэшышхуэрэ метр 50 зи кІыхьагъэ ыну есыпІэ псыгуэнрэ хэту, Налшык къалэм щыхуэхэм щІэдзэнырэ. 2022 гъэм ирагъэжьэнущ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм зыщыхуагъэсэну комплексыр ухуэнщ. Абы мыл зытегъэлъэдэ губгъуэ хэтынущ. Мы зэманым яужь итщ ухуэныгъэм и проектсметэ тхьылъхэр зэхэлъхьэнкІи.

Илъэс блэкІам и екъуІэнныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщущ спортым щыызІэрагъэхьа текІуэныгъэхэр: республикэм и спортсмен 67-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхахьащ дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм я дамыгъэ лъапІэхэр.

Республикэм и Іэтащхьэм министрым гу лъригъэтащ спорт школхэм я гъэсакІуэхэм я Іэзэгъэм хэгъэхъуэным гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуэщІипхъэм икІи пщэрыльэ щищІащ Іэщ1агъэлІхэм я улахуэм хущІагъуныкІэ щыІэ Іэмалхэм хэплъэну.

ЗэІущІэм и кІэуам КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ: «ЕкъулІэныгъэшхуэхэм нэсыным хуэгъэпса спортым зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ и Іэщ, сабий, ныбжьыщІэ нэхъыбэ гъащІэ узынщэм хуэущиным, спортым дегъэхьэхыным хуэдэ дыдэу икІи абы ипкъ иткІэ цІыху куэд зыхэт спорт лІэужьыгъуэхэм зегъэужьыпхъэщ - аращ «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» проектыр щІызэхалъхьар, аращ республикэм и къалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ спорт комплексыщІэхэр къыщыщІэздгъэпэщыр».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек іущІащ КЪБР-м цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ ІущІащ КЪБР-м цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор.

КІУЭКІУЭ Казбек къыхигъэщащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм куэд зэрыщІэзэфІагъэхІар. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хьихьэу яухуэри, лэжьэн щІидзащ республикэм щынэхъ ин дыдэ курыт еджапІэм, ныбжьыщІэ 1224-м ятещІыхьам, яслъэ ныбжьым итхэм папщІэ унэ 25-рэ щаухуащ, къуажэ школхэм я сорт пэш 18 зыхуей хуэгъэзэжащ. «Зыужьыныгъэм и къежьапІэ» центру 42-рэ къызэрагъэпэщащ, бжыгъэр зи тегъэщІапІэ иджырей технологиехэр жыджэру хапщ, щІэблэм щІэныгъэ гуэдзэ егъэгъуэтыным гулъытэ хэха хуащІ.

Апхуэдэу щытми, республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ сабийжэмрэ щІалэгъуалэмрэ егъэджэныр республикэм дежкІэ мыхьэнэ нэхъыщхьэ зиІэжам ящыщу къызэрыкІыжыр икІи а Іэнатіэм лэжьыгъэр къыщыбгъэтІасхьэ зэрымыхъунур. Абы къинэлъэгъуащ республикэм ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрствэм дызыхьэна илъэсыщІэм къэрэщэт Іэнатіэм и нэхъыщхьэхэр: псом япэрауэ, щІэгъэхуэбжьэн хуейщ еджапІэхэм я материальнотехникэ лъабжьэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа лэжьыгъэр, еджапІэшхуэхэр ухуэным икІэщІыпІэкІэ яужь ихьэн хуейщ. Зи гугъу ящІар цІыху 500 щІэхуэну Куба щащІыну курыт школ №1-м и унэщІэрщ, ар щылэжьар куэд щІауэ жьы дыдэ хъуащ. Апхуэдэуи Прохладнэ къалэм ныбжьыщІэ 785-рэ щеджэну щащІынурщ. Апхуэдэуи тепсэлъыхьащ зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм зэкІэ нэмысэ цІыхухэм щакІэлъыплъ Іуэхущ1апІэхэм къахэгъэхъуэным, я Іэщ1агъэм нэхъри хуэІэзэ хъунымкІэ Іэмалхэр лэжьакІуэхэм къахуэгъэпэщыным. Езауэ Анзор республикэм и Унафэщ1ыр щыгъуазэ ищІащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хьихьэу зэфІагъэкІынухэр къащыщІэльэгъуэ зэгурыІуэныгъэхэр зэрагъэхьэзырым.

Республикэм и Іэтащхьэм гулъытэ хэха хуищІащ еджакІуэхэр ерысчэы пщтыркІэ къызэгъэпэщыным. ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и нэІэ тригъэтын зэрыхуейм. Дызэрыхьа илъэсым а Іуэхум хуауТІыпщынущ сом мелард ныкъуэм щІигъу.

ЦІыхухэм щІэныгъэ гуэдзэ егъэгъуэтыным и гугъу щищІым, КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ щІалэгъуалэм ябгъэдэлъ зэфІэкІкІэ наІуэ зэхьэзыным хуэунэтІа лэжьыгъэр адэкІи щэщІауэ зэрегъэкІуэкІыпхъэр. Республикэм и Іэтащхьэм щхьэзрилъытэмкІэ, щІалэгъуалэм яхуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ политикэм щынэхъыщхьэхэм ящыщу щытыпхъэщ ахэр волонтёр Іуэхухэм къыхэшэнырэ. Пандемием и лъэхъэнэм наІуэ къыщІащ а унэтІныныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи ар дэІыгъауэ адэкІи зегъэужьын хуейщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ дыгъэгъазэм и 29-м пресс-конференц иригъэкІуэкІащ. ЗэІущІэр къыщызэІуихым, псом япэу абы журналистхэм фІыщІэ яхуищащ, республикэм и хабзэзыбзыу Іэнатіэ нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр щІыхуэхэм я деж жьыджэру, зэхэщІыкІыгъуэу зэрынахьэсым папщІэ.

Пресс-конференцхэр

ЕГОРОВЭ Татьянэ:

«Къыхилъхьэ жэрдэмхэм я фІыгъэкІэ КЪБР-м и Парламентыр Урысейм щыпашэхэм ящыщ зыщ»

ЯПЭ УПЩІЭР зытеухуауэ щытар КЪБР-м и Парламентым и депутат хэхьныгъэхэр зэрыщІаІамрэ абы иджы япэу хьыхьахэр Іуэхум хуэхьэзыру къыззрыщІэкІамрэт. Егоровэ Татьянэ жиІащ депутатхэм ягъэтІылъа лІабжьэм сыт щыгъуи хуэдэу зэрызрагъэужьыныр. КЪБР-м и Парламентым и еханэ зэхьхьэгъуэм щыщ депутат 44-р щІэрыщІэу хахьжащ, 26-м мандатыр иджы япэу иратащ.

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт законхэр убзыхуным ехьэлІа Іуэхуэхэм дяпэкІи зыхуей хуэгъэзауэ депутатхэр елэжьыну сызэрыщыгугъыр. Къыдгуэувахэр зэфІэкІ зиІэ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ цІыхухэщ. Абыхэм яхэтщ узынщагъэр хъумэнымкІэ, щІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ Іэнатіэхэм я лІыкІыгъэр ахэр процент 25-рэ мэхъу), хьэрычэт Іуэхум хэтхэр - проценти 8,6-рэ, юрист, экономист Іэщ1агъэхэр зиІэхэр - процент 46-м нэблагъэ, - жиІащ Егоровэм. - Депутатхэм я ныбжьыр ику ину къэбгъэльэгъуэмэ илъэс 54-рэ мэхъу, зи ныбжьыр илъэс 40-м фІэмыкІауэ цІыхуи 5 диІэщ. НыщыщынэмыщІауэ, мыхьэнэ мымащІэ иІэщ депутат цІыхубзхэм я бжьыгъэм хуэмурэ зэрыхэхъуэм. Нобэ ахэр 14 хъуащ. Зэбгъащцэмэ, КЪБР-м и Парламентым и еплІанэ зэхьхьэгъуэм и цІыхубзу хэтар 9 къудейт.

Егоровэ Татьянэ къытеуВыІащ 2020 гъэм КЪБР-м и Парламентым и щІыналъэгъэр коронавирусым земыгъэужьыным тещІыхьауэ ныбжьэгъуэм и цІыхубзу хэтар 9 къудейт.

Егоровэ Татьянэ зэхьхьэгъуэм и Іэщ1агъэм хэгъэхъуэным гулъытэ щхьэхуэ зэрыхуэщІипхъэм икІи пщэрыльэ щищІащ Іэщ1агъэлІхэм я улахуэм хущІагъуныкІэ щыІэ Іэмалхэм хэплъэну.

ЗэІущІэм и кІэуам КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ: «ЕкъулІэныгъэшхуэхэм нэсыным хуэгъэпса спортым зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ и Іэщ, сабий, ныбжьыщІэ нэхъыбэ гъащІэ узынщэм хуэущиным, спортым дегъэхьэхыным хуэдэ дыдэу икІи абы ипкъ иткІэ цІыху куэд зыхэт спорт лІэужьыгъуэхэм зегъэужьыпхъэщ - аращ «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» проектыр щІызэхалъхьар, аращ республикэм и къалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ спорт комплексыщІэхэр къыщыщІэздгъэпэщыр».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм яхуозэ

КЪБР-м Хабзэр къыщыІэзгъэпэщыныкІэ зэпымыуу лажьэ и зэзэгъэуІу зэІущІэмрэ КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советымрэ я зэхуэс КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ. Абы нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьыну къыхалъхьар республикэм и цІыхухэм яхуэгъэза хьэгъэщащІэ ящІ ихьэн хуейщ.

ЗэІущІэм хэтащ Урысейм и ФСБ-м и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщ1 **Воронин Сергей**, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру КЪБР-м щыІэ **Павлов Василий**, УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщ1 **Потапов Андрей**, КЪБР-м и прокурор нэхъыщхьэ **Хабаров Николай**.

Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм республикэм и Іэтащхьэр щыгъуазэ ящІащ Іуэхур зытетым, ар зэрызэхагъэкІым, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным, хабзэншагъэр къыззэпыудыным хуэгъэзауэ ялэжьхэм.

Мы зэманым ирихьэлІэу къыщІагъэщащ цІыху зыбжанэм хабзэншагъэ зэрагъэлэжьар икІи гупым хэтхэр яубыдащ. Ахэр Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 159-нэ (хьэгъэщагъэ зэрагъэжьам папщІэ), 172.2-нэ (ахъшэ е нэгъуэщІ мылъку зэлъэфІэлъэн хуэгъэза Іуэхуэхэр зэрызэрагъэпэщам папщІэ) статьяхэмкІэ ягъэкъуанэу уголовнэ жэуапым ирашэлІэнущ.

Полицэм и лэжьакІуэхэм зэфІагъэкІ Іуэхуэр зэхэгъэкІыным, къуанщэкъэ жьакъым ешэлІэным хуэгъэза зыхуэфащэ лэжьыгъэ псори.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек епсэлъащ КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алим

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алим щыІущІам тепсэлъыхьащ 2020 гъэм ІэнатІэм щызэфІагъэкІахэм, дызэрыхьа илъэсыщІэм къапэщыт къалэнхэр гъэзэщІэныжьмкІэ щыІэ зэкІыпІэхэм.

ИЛЪЭС кІуам министерствэр яужь итащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ щыубзыхуахэр гъэзэщІэным. Лажьэу яутІыпща ухуэныгъэхэм ящыщщ Къэщхьэтау къуажэм щащІа иджырей физкультурэ-спорт комплексыр, ялъэхэр щылэжьэну унэ 29-р, Нартан жьлэм Щэнхабзэмкіэ и унэщІэр.

Бэрбэч Алим республикэм и Унафэщ1ым щыгъуазэ ищІащ зэман гъунэгъуэм ятын хуэдэу ухуэныгъэ зыбжанэ хъэзыр зэрэхъуар. Абыхэм ящыщщ Шэджэм къалэмрэ Солдатскэ станицэмрэ щаухуэ курыт школьщІэхэр, Щхьэлыкъуэ, Къэрэгъэш къуажэхэм дащІыхьа спорт комплексэр. 2021 гъэм яриубыдэу ятынущ Ново-Ивановскэ къуажэм щащІ школыщІэр, Куба къуажэмрэ Прохладнэ къалэмрэ еджапІощІэхэр ухуэн щыщІадзэнущ. Бахъсэн Ипщэ, Бэтэх жьлэхэм 2021 гъэм щаухуэнущ сабий нэхъ цІыкІу дыдэхэм щакІэлъыплъыну Іуэхущ1апІэхэр, Солдатскэ станицэм сабий садым и унэ къыщІагъэжьэнущ.

Республикэм и Іэтащхьэм гулъытэ хэха хуищІащ Налшык къалэм иджырей пятиборьем зыщыхуагъэсэну комплекс хэхарэ Мыл уардэунэрэ щыухуэным и Іуэхум. УнэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къаІэрэгъэуащ «Псы къабзэ» къэрал проектыр - абы хэхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуэрэ псыкІэ ирикъуу къызэгъэпэщыным хуэгъэпса ухуэныгъэ ящІ ихьэн хуейщ.

ЗэІущІэм и кІэуам КІуэкІуэ Казбек министрым пщэрыльэ щищІащ ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъыну, къэрал зэгурыІуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа пІалъэм ахэр ятыным я нэІэ зэрытетыпхъэри къыхигъэщащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къанокъуэ Арсен и жэрдэм

Щ1алэгъуэ

2020 гъэ гуГъум Іуэху дахэ куэди къыщыхъущ. Абыхэм ящыщщ 2019 гъэм ЩІэныгъэхэм Дунейпсо Адыгэ Академиеи и нэІэ щІэту абы и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэжьа Іуэхум кІэух дахэ зэриГъэтар.

Къанокъуэ Арсенрэ Тау Анзоррэ.

ЗИ ГУГЪУ тщІыр псапащІэ егъэджэныгъэ программэращ. Къанокъуэ Арсен къыхилъхьэри, адыгэ щІалэгъуалэм папщІэ зэпеуэ гъэщІэгъуэн ирагъэкІуэкІащ. ЩІалэгъуалэм ящыщу нэхъ акъэылыфІэу 26-рэ къахахри, хамэ къэрал еджапІэ нэхъыфІхэм я щІэныгъэр щыхагъэхъуэну щІэтІысхьэнымкІэ сэбэп хуащІ.

А псоми еджапІэхэм зыпащІащ, ауэ дуней псом щекІуэкІ пандемием къыхэкІыу, ныбжьыщІэхэр щеджэну къэралхэм зэкІэ нэсыфа-кым. Гурыфыгъуэщ мызыГъуэгукІэ цІыхуйр еджэным зэрыпэрыхьар.

Уэрэшкъуэ Альбертрэ Тхьэмыкъуэ Іэминэрэ Инджылызым щыІэщ, Пщыонкъуэ Дианэ Нидерландхэм нэсащ, Батыр Мухьэмэдрэ Жынэ Сэтэнейрэ Швейцариием щоджэ, Хьэмыз Залым Франджым кІуащ, Тау Анзор Бельгием щыІэщ, Гуэщокъуэ Марианнэ Испаниием льэтащ.

Адрейхэр зэкІэ поплъэ къыхыха еджапІэ нэхъыщхьэхэр зэдэщІэ къэралхэм я бжэхэр щызэІуахьыжынум.

Еджакіуэ кІуахэм жэуапныныгъэ ин яхэлъу Іуэхум пэрыхьащ, гъэщІэгъуэн куэди ялъагъуну хунэсащ. Ахэр Инстаграмым щалэ напэкІуэцІхэм къыщалуатэ.

Къанокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэу щыщытам щыхуэ 300-м нэблагъэ нэгъуэщІ къэралхэм щриГъэджауэ щытащ икІи ильэгъуащ абы къыпэкІуа сэбэпныгьэр. Иджы ЩІДАА-м и нэІэ щІэту ильэсым щыхуэ 50 хуэдиз игъэкІуэну зэриимурадымкІэ къыддэгуэшащ.

- Япэ зэпеуэм къыхьхьэу зи зэфІэкІ зыгъэльэгъуа адыгэ ныбжьыщІэхэм фІыщІэ яхузощІ. Сэ хьэкъ сщыхуащ: апхуэдиз зэфІэкІ, щІэныгъэ зыбгъэдэль интеллигент щІалэгъуалэ дыщиІэкІэ, адыгэм къэкІуэн дахэ къыпоплъэ. Дэ мис абыкІэ дэІэпыкъуэгъу дыхъун хуейщ, Іуэхуфіхэр дгъэбагъуэрэ, жэрдэм зиІэжэрэ жыджэрэмрэ защІэдгъакъуэу.

Пщіэ щІэту еджакіуэ дгъакІуэхэм къалэн гугъу яхуэдгъэувкъым. ЕджапІэ нэхъыщхьэ нэхъыфІ дыдэхэр къауха нэужь, ахэр дэни щылажьэ хъунущ, ауэ я бзэр, я хабзэр зыщагъэгъупщэ хъунукъым. Дэнэ щыпсэуми, щылажьэми, я зэкъуэ къагъэззэжынущ абыхэм, я лъэпкъым къыхуэсэбэпынущ. Дэ аращ зытетщІыхьыр. ЕужьэрэкІыу зызыхъуэж мы дунейм ди лъэпкъыр декІуу дэбакъуэмэ, икъукІэ къытщхьэпэжынущ, - жеІэ Къанокъуэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

(КІуэхыр 2-нэ нап.)

«Къыхилъхьэ жэрдэмхэм я фІыгъэкІэ КъБР-м и Парламентыр Урысейм щыпашэхэм ящыщ зыщ»

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап).

- Шэч хэмылъу, ди Іуэхугъуэ нэхъыщхьэр сыт щыгъуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр илъэс къэс къызэрытщтэм епхащ. НэхъапэкІи хуэдэу, къэкІуэну илъэсми ар социальнэ Іуэхуэхэм нэхъыбэу щытынущ - процент 70-м щигъэкІэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2021 гъэм щыналъэм и бюджетым и хэхъуэр сом мелард 43,7-рэ хъуну трауху, къигъэсэбэпну зыхуеинур сом мелард 44,8-м ноблагъэ, - къыхэщащ Егоровым. - УФ-м и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыхилъхьауэ щытащ сабий зиІэ унагъуэхэм зэрызащІэдгъэкъуэн хуей Іэмалхэр икІи а пщэрыльыр КъБР-м и Парламентым жыдэжру игъэзэщІащ. Псалъэм папщІэ, 2020 гъэм щыщыщІэм и 1-м щегъэжьауэ дгъэбелджылащ ещанэ сабийрэ къыкІэльыкІуэхэмрэ къызыхэхъуэ унагъуэхэм мазэ къэс цІыхур ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм хуэдиз зэрреттынур.

Егоровэ Татьянэ щапхъэу къихьащ зи ныбжьыр илъэси 3-м къыщыщІэдзауэ 7-м нэс хъу сабийхэм ахъшэ зэрыхуэ дгъэкІыжыну мэшым ехьэлІа щІыр къызэрагъэсэбэпыхьям, акъылыр зыгъэтхъуэхэр емыгъэщэным, нэгъуэщІхэми теухуа законопроектхэр-къызэщІащ.

- Федеральнэ законхэм щелэжьым дэри ди зэфІэкІ абы зэрыхэтлъхьаным жыджэру дыхущІокъу. Абы и лъэныкъуэкІэ ди щІэзэгъкъуэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу УФ-м и Къэрал Думэм хэтхэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, КъБР-м и Парламентым и етхуанэ, еханэ зэхьихьэгъуэхэм УФ-м и Къэрал Думэм ягъэхьа законодательнэ жэрдэму 26-м ящыщу 10-р федеральнэ закон хъуащ, 3-м хопльэ. Абы щыгъуэми иужьрейм щыщу 2-р япэ еджэгъуэм къащтащ. Аращи, УФ-м и Къэрал Думэм залъхьэ жэрдэмхэм я фІагъкІэ ди хабзэубзыкъу ІэнатІэ нэхъыщхьэр Урысейм щыпашэхэм ящыщ зыщ, - дыщІигъащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ.

Егоровэ Татьянэ къыхэзгъащ республикэм и хабзэзыбзыкъу орган нэхъыщхьэм я гугъуехьэхмкІэ зыкъыхуэзыгъазэ цІыхухэм зэрыгъэлъагъуэ. Абы щыгъуэми иужьрейм щыщу 2-р япэ еджэгъуэм къащтащ. Аращи, УФ-м и Къэрал Думэм залъхьэ жэрдэмхэм я фІагъкІэ ди хабзэубзыкъу ІэнатІэ нэхъыщхьэр Урысейм щыпашэхэм ящыщ зыщ, - дыщІигъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым.

Егоровэ Татьянэ къыхэзгъащ республикэм и хабзэзыбзыкъу орган нэхъыщхьэм я гугъуехьэхмкІэ зыкъыхуэзыгъазэ цІыхухэм ядэлэжьэнымрэ я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэрилытэр.

- Тхьэмахуэм зэ, мэрем махуэр хэтхауэ, депутатхэр районхэмрэ къалэхэмрэ макІуэ хэкІуэхэм яІущІэну, упщІэ яІэмэ едэІуэну. Мы гъэм, дауи, пэжыгъэм и нэхъыбэр цІыхухэм япэщІэхауэ къызэдгъэпэщын хуей хъуащ, ауэ абы щхьэкІэ къздгъэнакъым цІыхухэм зыкъызэрыгъэгъэзэ тхыгъэхэм жэуап едмыту - а лэжьыгъэр телефонкІэ, видеозэпыщІэныгъэкІэ къызэдгъэпэщащ. Нэхъыбэу зыкъызэрыгъэгъазэр лэжьапІэ зэрамыгъуэтымкІэщ, унэ зэрамыІэмкІэщ е псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм ягъэув уасхэм арэзы къызэрамыщымкІэщ. Ахэр Парламентым и къалэну щымытми, дэ дыхущІокъу ар зи пщэрыльэ ІэнатІэхэм зэкагъэкІын папщІэ захуэдэ ІэзэнУ, - жиІащ къэсэлъам.

Егоровэ Татьянэ дыщІигъащ депутатхэм Хэку заузшхуэм и ветеранхэмрэ социальнэ Іуэхущ ІапІэу 6-м щыІэ сабийхэмрэ я нэІэ зэрыгтрагъэтащ, ехъулІэныгъэ зиІэ ныбжьыщІэхэм, сабий зеиншэхэм, щытыкІэ гугъу ихуахэм «Урысейм дрищІыхущ» Іуэхуэ хьухэу, я дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр - КъБР-м и Парламентым ирагъэблагъэурэ зэрыратыр.

Журналистхэм гулъытэ хуащІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІыр илъэситху хьуауэ Европэм и Советым и щыпІэ, щыналъэ унафэщІэм я конгрессым (Страсбург щекІуэкІым) Урысейм и ЛыкІуэхэм я гъусэу зэрыхэтымрэ иджыри апхуэдизу пІалъэкІэ абы зэрыхагъэхьамрэ. Егоровэ Татьянэ жиІащ а пщэрыльым пщІэшхэу зэрыпылъыр икІи жэуаплINыгъэ ин ихьыр зэрызыхищІэр.

- КъБР-м и Парламентым и еханэ зэхьихьэгъуэм щыІа �щІалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэр иджыблагъэ зэхэзыхьыжащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар къызэрыгунэхуэрэ блэкІа илъэс 12-м купщІэ зиІэ ІэнатІэу зыкъыгъэлъэгъуащ икІи щІалэгъуалэ 300-м щІигъу абы кІуэцІрыкІащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, илъэс къэс а Іуэхум хыхьэну гукъыдэж зиІэхэм я бжыгъэм хохьэу. ЩІалэгъуалэ палатэм хэтэ куэдым нобэ къмылъку яІыгъу, - къыхигъэщащ Егоровэм.

2021 гъэм КъБР-м и Парламентыр зэлэжьнунхэм я гугъу щищІым, Егоровэ Татьянэ жиІащ УФ-м и Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм тету КъБР-м и Конституцэмрэ республикэ законхэмрэ зэрызэрагъэзэхуэжьнур, кьщыщэмыщІауэ, адрей илъэсхэми хуэдэу, цІыкІухэм лэжьыгъэр зэхуэдэу ІэзэхуэхмкІэ я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ депутатхэр дэІэпыкъуэгъу зэрахуэхъунур.

ЗэІущІэм и кІэухым Егоровэ Татьянэ журналистхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи Илъэсыщ Іэм узышыгъэрэ ехьулІэныгъэрэ яІэну ехьэхъуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ХъыбарегъащІэ ІэнатІэхэр

ТекІуахэр щагъэлъапІэ

КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ ІапІэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІуэхуэхмкІ э и министерствэм щыІэзэхалъхьажащ республикэм и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм папщІэ къызэрагъэпэща «На исторической родине: Кабардино-Балкария - республика дружбы и согласия» зэпеуэм кърикІуахэр. Зэхьэзэхуэм щытекІуахэр дыгъэгъазэм и 23-м «Марал» шхапІэм щагъэпэжащ.

ЖУРНАЛИСТХЭМ зэпеуэм ягъэхьа тхыгъэхэр зыхьыхэ унэтІныныгъэхэм елъытауэ, министерствэм и щыхь тхылъхэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм кьахуэщхьэпэну саугъэтхэмрэ зыхуагъэфэщахэм яритыжащ КъБР-м щыхь зиІэ и артистхэ, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **КІэхумахуэ Фатімэ**.

«Печатнэ къыдэкІыгъуэхэм къытехуа тхыгъэ нэхъыбІ» унэтІныныгъэм щагъэлъапІащ «Кабардино-Балкарская правда» республикэ газетым и журналистхэу **Богачёвэ Ириндэ** (1-нэ увыпІэ) **Хьэлыщ Анэрэ** (2-нэ увыпІэ), «Адыгэ псалъэ» газетым и щэнхабзэ къудамэм и лэжьакІуэ **ТекІуажь Заретэ** (3-нэ увыпІэ) сымэ.

«Радионэтын нэхъыфІ» унэтІныныгъэм пашэ щыхъуахэщ республикэ радиом и унафэщІ **Теувэжыкъуэ Марьянэ** (1-нэ увыпІэ), радиом адыгэ редакцэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Тэтрокъуэ Астемыр** (2-нэ увыпІэ), радиом нэтынхэр эфирым кІуэныкІэ и редакцэм и редактор нэхъыщхьэ **Багъэтыр Нинэ** (3-нэ увыпІэ) сымэ.

«Теленэтын нэхъыфІ» унэтІныныгъэм кьыхэжаныкІауэ кьалъытащ «КъБР-Медиа» кэрал кІэзонэ Іуэхущ ІапІэм и «1 КъБР» телевиденэм и урыс къудамэм и лэжьакІуэхэу **Тлэрэш Зухрарэ** (1-нэ увыпІэ) **Бжьахъуэ Лёлэрэ** (3-нэ увыпІэ), балъкъэр къудамэм и лэжьакІуэ **Бырс Ахузат** (2-нэ увыпІэ).

БЖЬЫХЪЭПІ Роза.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Натхъуэ Къадыр Исхьэкъ и къуэр

● Фэеплъ

Адыгэ дунейм игъуэта хэщІыныгъэ гущІыхьэхэм ящ щІышылэм и 6-м Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хыхьэ, Нью-Йорк къалэм щыщ адыгэ тхакІуэ, лъэпкъыІ, цІыху гуащІафІэ Натхъуэ Къадыр дунейм зэрэхьжар.

НАТХЪУЭ Къадыр Исхьэкъ и къуэр 1927 гъэм накъыгъэм и 25-м Анапэ и Іэхэлъакъуэм хыхьэ ХьэтрэмтІыгу натыхьуей къуажэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэр щыщІидзам ныбжьыщІэу ирихьэлІа щІалэм зауэм и теплъэ гуаузэ кэд игъэунэхуащ, топышэм иуклІа и анэр езым и Іэкіэ зэрыщІилъхьэжар хэту.

ХэгъэзыхьыгъэкІэ нэмыцэ зэрыпхъуэкІуэхэм СССР-м ираша нэужь, Нахтхъуэр 1943 гъэм щтапІэ къалъхьхъуэу къэралыр зыбгынэхэм гъусэ яхуохьу. Хэку зауэшхуэр щиучым, къэралым къигъэзэжыну топышэм иуклІа и анэр езым и Іэкіэ зэрыщІилъхьэжари хэту.

ХэгъэзыхьыгъэкІэ нэмыцэ зэрыпхъуэкІуэхэм СССР-м ираша нэужь, Нахтхъуэр 1943 гъэм щтапІэ къалъхьхъуэу къэралыр зыбгынэхэм гъусэ яхуохьу. Хэку зауэшхуэр щиучым, къэралым къигъэзэжыну топышэм иуклІа и анэр зимыІэ, щхьэхуэмыту хэхэс хъуа щІалэм къызэринэ-кІыжхэр зэрыхуа, и гъащІэ купщІафІэр зэрыщыту къыщыщІэдзауэ Тхьэмахуэм, псоуукІи лъэпкъ Іуэху зэрихуэнэр тхэнрэ зэпигъэуакъым. 1978 гъэм Къадыр япэу и Іэдакъэ къыщІэкІа «Николас и Надюша» романыр урысыбзэрэ адыгэбзэкІэ («ЦІыху лейхэр») Мейкъуэлэ къыщыдегъэкІ.

Натхъуэ Къадыр, тхакІуэ къудей мыхъуу, нэхъыжь кьалэнри екІуу ирихьэкІыфырт. Ар и унафэщІу щытащ Америкэм и Нью-Джерси штатым къыщызэрагъэпэща Адыгэ ФІыщІэ Хасэм. Къадыр и жэрдэмкІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и зэфІэкІхэм зеубгъу, адыгэхэр зэгуохьэ. Сабии балигъм зэкІуэлэн зы ухуэныгъэ ин анэдэлъхубзэмкІэ «къигъэпсэлъэным» сыт тезыгъэгушхуар адыгэ щІалэр?

«Псори къыщежьар ди зэдауэрщ, - жеІэ езы Руслан. - Москва дэс адыгэ зэныбжьэгъуэхэр, зэлэжьэгъуэхэр дызэхуэса нэужь, Іуэхугъуэ хуэдиз я щхьэхуэ дыщиІэби, зыгуэрхэм щхьэкІэ дыщыздэдауи кьохьу. Апхуэдэ Іуэхуэхэм, нэхъ дызыгъэпІейтей дыдэхэм ящыщщ ди анэдэлъхубзэр дызэрыхуейм хуэдизу къызэрядмыгъэсэбэпыр, ди щІалэгъуалэм ар хуэм-хуэмурэ Іэщіыб ящыныкІэ зэрыхъунур. Ди зэдауэм мыпхуэдэ гупсысэм дыхуишащ: тхыгъэ гугъуэхэр, псалъэм папщІэ, усэ купщІафІэхэр адыгэбзэм къидгъэтІэсэныр тхуэзэфІэкІыну, абы щыгъуэми, я щІагъащІэлъ гупсысэхэр, мыхтауэ япкърылъ гурыщІэр, псантхуэр дымыгъэкІуэду? Сэ сщІэркъым зи ужь сихьа Іуэхуэ къызэрызэхъулІар, ауэ егъэлеяуэ сыгуфІэнт, си зэдзэкІыгъэхэр цІыхухэм гунэс ящыхъуатэмэ».

Дызытехьэ 2021 гъэм ирихьэлІэу дэтхэнэ зы цІыхуми, дауи, мурад, хъуэпсапІэ гуэрхэр иІащ. Абыхэм ящыщщ Хьэмыз Руслани, гурылъ дахэу иІэр Тхьэм къригъэхъулІэ!

- Сэри си гуапэщ «Адыгэ псалъэм» еджэхэм екъулІэныгъэ яІэну, Илъэсыщ Іэр угурлыуэ кьахущІэкІыну, зыгъэгузавэ, ягу хэзыгъащІ псори зэхэрэкъуакІэ дыхьэжу, гъащІэ тынш, гъащІэ ищІэрэ Сулейманэ апхуэдэ хъуи и Іуэхум хэлъщ!

Адыгэ пелуан къищІыкІыну!

● Теплъыджэ

Шордакъ къуажэм щыщ Хьэмыкъуэ Сулеймэн илъэсибл ирокъу. И ныбжьым емылъытауэ и хьэлъащІыр килограмм 78-рэ мэхъу икІи Кьардэн Ахьмэд и деж тхэкІвондом зыщцыхуегъасэ. А ныбжьыщІэм Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым цІыху мин 20-м щигъу щыкІэпльэпльэ. Сулеймэн и адэшхуэм зэрыжиІэмкІэ, Хьэмыкъуэхэ я лъэпкъым нэхъапэм пелуан бжьахэкІащ. Хэт ищІэрэ Сулеймэни апхуэдэ хъуи и Іуэхум хэлъщ!

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩІышылэм и 12, гъубж

♦Урысей Федерацэм и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэщ. 1722 гъэм Пётр Езанэм къэрал органыщІэ - Урысейм и прокуратурэр - къызэригъэпэщащ. Урысейм и япэ прокурору ягъэуват Ягужинский Павел.

♦1820 гъэм Инджылызым къыщызэрагъэпэщащ Пащтыхьыгъуэм и астрономие зэгухьэныгъэ.

♦1922 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс АО-р къэунэхуащ.

♦1936 гъэм «Локомотив» спорт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Вислэ, Одер псыхэм деж щебгъэрыкІуэн щІадзащ. ЩІышылэм и 12 - мазаем и 3-хэм екІуэкІа а зауэшхуэм мыхьэнэшхуэ иІащ Польшэр фашистыдзэхэм кьалэщІэгъэкІыжыныкІэ.

♦1950 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьищтащ Хэкум епцІыжахэм, нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэ хьэлъэ зыгъэжьахэм я судыр уикІэ ящІэну хуит зыщІ унафэ. Ди къэралыр абы тетащ 1996 гъэ щІондэ.

♦Франджы тхакІуэ, усакІуэ, дуней псом цІырыІуэ цІыхъуэ таурыхъ куэд зи кьалэмыпэм кьыщІэкІа **Перро Шарль** къызэралъхурэ илъэс 393-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ тхакІуэ цІырыІуэ **Лондон Джек** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Джон Гриффит Чейнищ**) къызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокъу.

♦Совет физик цІырыІуэ, СССР-м ятэ атомнэ бомбэ щызыщІа гупым и унэтІкІуэзу щыта **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Академик, Социалист Лэжьыгъэм тІэунейрэ и ЛыхъужьЫ **Королёв Сергей** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РСФСР-м щыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Апехтхэн Чэрим** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Композитор, пианист цІырыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Паулс Раймонд** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦ЩІДАА-м и академик, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщІ, псапащІэ **Уэхъутэ Александр** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Литвиновэ Рената** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм гradуси 3 - 4, жэщым гradуси 2 щыхъунущ.

ЩІышылэм и 13, бзаджэй

♦Урысей Печатым и махуэщ. УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьищта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ.

♦1703 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ къыдэкІащ «Ведомости о военных и иных делах» урысейпэ газетым и япэ номерыр.

♦1830 гъэм «Литературная газета» газетым и япэ номерыр къыдэкІащ.

♦1858 гъэм къагъэсэбэпу щІадзащ япэ урысей пощт маркэр.

♦1872 гъэм Урысейм лэжьэн щыщІидзащ дуней щытыкІэм кІэлъыплъ, къэунэхуну махуэм ар зыхуэдэнур къэзыхуэ Іуэхущ ІапІэм.

♦1874 гъэм Урысейм и пащтыхь Александр ЕтІуанэм къыдигъэкІащ «Дзэм къулыкъу щыщІэным теухуа Уставыр». Зи ныбжьыр илъэс 21-рэ ирикъуа цІыхухъум абы кьалэн щищІыр къэралым кьулыкъу хуищІэн хуейуэ.

♦ФизикцІэрыІуэ, СССР-мрэ Украинэмрэ щІэныгъэхэмкІэ я академиекэм и академик **Лифшиц Илья** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм ящыщу геолог Іэщ Іагъэр япэу зэзыгъэгъуэта, Ставрополь щІыналъэм газ куэду зыщІэль щІыпІэ къыщызыгъуэта **Гуэщокъуэ Хьэсэнбий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ, КъШР-м щыхь зиІэ и журналист **Уэрдокъуэ Женя** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, режиссёр, УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ **Апехтхэн Чэрим** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм гradуси 5 - 6, жэщым гradуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бей жей езэгъыркъым.

● ДифІ догъэлъапІэ

Хьэмыз Руслан и зэфІэкІ

Хьэмыз Хьэжсет и къуэ Руслан химие щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием Геохимиемрэ аналитикэ химиемкІэ и институтым, Вернадский Б. И. и цІэр зезыхьэм, и лабораторэм и унафэщІщ, икІи абы и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьщ. Ар хэтщ «Радий» щІэныгъэ-производственнэ Іуэхущ ІапІэ» АО-м и унафэщІхэм я советым.

Хьэмызыр Дзэлыкъуэ щыналъэм щыщ Къармэхьэблэ къуажэм 1955 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр 1972 гъэм дыщэ медалкІэ, Ломоносов М. В. и цІэр зэрихьэу Москва дэс къэрал университетым и химие факультетым 1977 гъэм диплом плъыжькІэ къиуващ.

ХьэмЫз Руслан ящыщщ физическэ химие щІэныгъэмкІэ дунейм щыныхъ щІэрыІуэ Іэщ Іагъэлъэхэм. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэ 200-м щІигъу, монографиеу 6 США-м къыщыдигъэкІащ, ЮНЕСКО-м «ПсэукІэр къызэзыгъэпэщ Іэмалхэр» и махуэгъэпсыр щагъэхьэзырым, Хьэмызыр ирагъэблагъэри, абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ а лэжьыгъэр зэпэщу дунейм кьытехьэзыным. Къыхилъхьа Іуэхугъуэщ Іэхэм папщІэ патент 50 кьратащ, абыхэм США-м, Японием, Израилым, апхуэдэуи Европэм и щыпІ къэрал зыбжанэм ейуэ 15 яхэту. Хьэмызым иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэ купщІафІэхэм кьрикІуахэм Іэмал кьат химие технологием Іэмалыщ Іэхэр къыщызэІуахьыныкІэ, псалъэм папщІэ, XXI лІэщІыгъуэм къуэ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зым - щІэупсым емыгуагъэ икІи хэщІныгъэ къэзымыт лэжьакІэр и лъабжьэу зэтеухуауэ, тенджызыпсыр гъэкъэбзэзным, псы къабзэрэ цІыхум кьитгъэсэбэп хъуну нэгъуэщІ пкъыгъуэ лъапІэхэмрэ абы кьыхэхъныным - хуэунэтІа лэжьыгъэхэр зэтеубІэныкІэ.

ЩІэныгъэлІым и къэхутэныгъэхэр я тегъэщІапІэу УрысейМ мы зэманым щагъэлъапІэ ткІуэпс зырызурэ псыр къэкІыгъэхэм щыщІагъэхьэкІэ къагъэсэбэп хъуну, фейдэшхуэ зэрыльтыгъэпшэрхэр къыщІэзыгъэкІыну ягъэ заводыр. Апхуэдэ щІыгъэпшэрхэр иджыпсткІэ Европэ зэгухьэныгъэм хьыхэ къэралхэм хэрашу аращ.

Хьэмыз Руслан къэралым и аттестационнэ комиссэ нэхъыщхьэм (ВАК) химие технологиемкІэ и къэпщІакІуэ советым, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием аналитикэ химиемкІэ и ЩІэныгъэ советым хэтщ, РАН-м и ЩІэныгъэ советым физическэ химиемкІэ и унафэщІым и къуэдзэщ, РАН-мрэ Ломоносов М. В. и цІэр зезыхьэ МКЪУ-мрэ я щІэныгъэ, диссертацэ советхэми щІэныгъэ журнал зыбжанэми я редколлегиехэм ядолажьэ. Абы «Eureka» Европей щІэныгъэ зэгухьэныгъэм и дыщэ медалыр кьыхуагъэфэщащ.

Иджыри кьэс зи гугъу тщІахэр Хьэмызым и ехъулІэныгъэ лъагэхэщ. Ауэ абыхэм кьадэкІуэу Руслан куууэ щыгъуаззщ дунейпсо тхьидэм, щэнхабзэм, гъуазджэм. Псом хуэмыдэу зыпищІ щыІэкъым адыгэ литературэмрэ и анэдэлъхубзэмрэ. Араун кьыщІэкІынщ зэдзэкІын Іуэхум зыщІрипщытар. Абы Іэззу адыгэбзэм кьригъэтІэсащ Хэку заузшхуэм и илъэсхэм яуса урыс уэрэдхэм ящыщ зыбжанэ, Пушкин Александр и «Евгений Онегин» поэмэ щІэрыІуэр.

Ахэр зэридзэкІыным, и анэдэлъхубзэмкІэ «къигъэпсэлъэным» сыт тезыгъэгушхуар адыгэ щІалэр?

«Псори къыщежьар ди зэдауэрщ, - жеІэ езы Руслан. - Москва дэс адыгэ зэныбжьэгъуэхэр, зэлэжьэгъуэхэр дызэхуэса нэужь, Іуэхугъуэ хуэдиз я щхьэхуэ дыщиІэби, зыгуэрхэм щхьэкІэ дыщыздэдауи кьохьу. Апхуэдэ Іуэхуэхэм, нэхъ дызыгъэпІейтей дыдэхэм ящыщщ ди анэдэлъхубзэр дызэрыхуейм хуэдизу къызэрядмыгъэсэбэпыр, ди щІалэгъуалэм ар хуэм-хуэмурэ Іэщіыб ящыныкІэ зэрыхъунур. Ди зэдауэм мыпхуэдэ гупсысэм дыхуишащ: тхыгъэ гугъуэхэр, псалъэм папщІэ, усэ купщІафІэхэр адыгэбзэм къидгъэтІэсэныр тхуэзэфІэкІыну, абы щыгъуэми, я щІагъащІэлъ гупсысэхэр, мыхтауэ япкърылъ гурыщІэр, псантхуэр дымыгъэкІуэду? Сэ сщІэркъым зи ужь сихьа Іуэхуэ къызэрызэхъулІар, ауэ егъэлеяуэ сыгуфІэнт, си зэдзэкІыгъэхэр цІыхухэм гунэс ящыхъуатэмэ».

Дызытехьэ 2021 гъэм ирихьэлІэу дэтхэнэ зы цІыхуми, дауи, мурад, хъуэпсапІэ гуэрхэр иІащ. Абыхэм ящыщщ Хьэмыз Руслани, гурылъ дахэу иІэр Тхьэм къригъэхъулІэ!

- Сэри си гуапэщ «Адыгэ псалъэм» еджэхэм екъулІэныгъэ яІэну, Илъэсыщ Іэр угурлыуэ кьахущІэкІыну, зыгъэгузавэ, ягу хэзыгъащІ псори зэхэрэкъуакІэ дыхьэжу, гъащІэ тынш, гъащІэ ищІэрэ Сулейманэ апхуэдэ хъуи и Іуэхум хэлъщ!

Шхара - Щхьэрэ

● Адэжь щІыналъэ

Мы цІэр зезыхьэ бгыр Урысей Федерацэмрэ Куржымрэ я гъунапкъэр зыгъэбелджылы Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм и нэхъ лъагапІэ дыдэщ (и уардагъэкІэ псоми ефІэкІ Іуащхьэмахуэ зыщхьэщытыр ищхьэрэкІэ гъэза Гуэдзэн Шытхырщ).

ПСАЛЪЭМ зыщІэкІуэу къыхэгъащІынщи, Куржым и Сонэ щІыналъэм щежэх псыхэм я нэхъ ин Ингури и къыщІэдзапІэ нэхъыщхьэу къалъытэр Шхара - Щхьэрэ Іуащхьэ зэкІэлъыпытым ипщэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ и пэдэж куэхэщ. Бгы екІуэкІым ищхьэрэкІэ гъэза и джабэщІэхэм зытрагъэщІащ Кавказым и мылыпІэ нэхъ кІыхь дыдэу къалъытэ, ди республикэм и Безенги псыхъуэм ищхьэхэмкІэ щыІэ, километр 12-м нэблагъэ я кІыхьагъэу зэхэпщІыхьыжа уэсукхъуэ абрагъуэхэм.

Зэреджэм ехьэлІауэ

БгъэдыхьэкІэ зыбжанэ щыІэщ. Япэр балъкъэрыбзэм хэт «ушхара» псалъэм, «зыуэ щымыт», «зэпкърыгуэшыкІа» мыхьэнэхэр къызэрыкІым, къытехьэкІуэу къызэрыгъэтэрщ. Апхуэдэу щІыхуэгъэсфащэм и зы щхьэусыгъуэщ Шхара бгы екІуэкІыр къуэладжэ гъэхэмкІэ зэрызэпыгъэщхьэхуэкІамрэ езыри лъагапІэ зыбжанэу зэрызэкІэлъыгъэкІуамрэ (нэхъыщхьэм - метр 5201-рэ, къуэхэпІэмкІэ щыІэм - 5057-рэ, къуэкІыпІэмкІэ гъэзам 4866-рэ я лъагагъэщ).

ЕтІуанэ епльыкІэр епхащ куржы-сонэбзэм хэт «чхара» псалъэу «ебгъуанэ» къызэрыкІым. Къызэрыбгуриуэн хуейуэ зытрагъэчныхьри «ебгъуанэ лъагапІэ» мыхьэнэр иІэщ. Ар сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, аранэ екІуэкІым ипщэ лъэныкъуэмкІэ (Куржымкіэ) ущыІэу, къухьэпІэмкІэ щхьещгъэжьауэ къыщебжэкІмэ, Шхара и нэхъ папщІапІэ дыдэр ебгъуанэщ.

ЩІыуэпсыр фІыуэ зылъагъуэхэм яхэтщ щыпІэщІэр сонэбзэм хэт «шхара» псалъэу «къуэпэн» е «кусэ» мыхьэнэхэр къызэрыкІым къытехьукІауэ къэзылытэхэри. Къызыхахыр бгым и къырылъэ нэкІуэр зэрызэхуэхуэна и пкъыгъуэхэр зэрызэхуэмыдэщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Іуащхьэм зэреджэ «Шхара» фІэщыгъэм и пэщІэдзэр адыгэбзэм хэт «щхьэ» псалъэм, и етІуанэ Іыхьэр абхъазэбзэм куэдрэ къыщагъэсэбэп «ра» суффиксым зэрытехуэм къыхэкІыу, щІыпІэцІэр «Щхьэщыльагыкі» мыхьэнэм хуэзыгъакІуэхэр зэрыщыІэр.

ГъэщІэгъуэнщ

Куржым и къуршхэм я нэхъ лъагапІэ дыдэу ябж Шхара бгым ипщэкІэ Іуащхьэ и джабэщІэхэр я хэщІапІэщ бгылъэ щІыпІэхэм нэхъ лъагэ дыдэу щитІысыкІахэм халъытэ Ушгули сонэ жылагъуэм хьихьэ ящажэхэу Жибиани, Чажаши, Чеибиани, Муркмели сымэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.